



Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Energy & Environmental Affairs

Department of Environmental Protection

One Winter Street Boston, MA 02108 • 617-292-5500

Charles D. Baker
Gouvènè

Karyn E. Polito
Gouvènè Adjwen

Bethany A. Card
Sekretè

Martin Suuberg
Komisè

COMMONWEALTH MASSACHUSETTS DEPATMAN PWOTEKSYON ANVIWÒNMAN

AVI REYINYON PIBLIK YO

Avi Odyans Piblik sa a disponib nan lòt lang.

(Español - Tiếng Việt - 中文 - Kreyòl Ayisyen - Português)

nan sitwèb MassDEP's:

<https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

Yo bay yon avi Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (MassDEP), grasa otorite l dapre M.G.L. Chapit 111, Seksyon 142A jiska 142M, pral òganize reyinyon piblik dapre ti seksyon (7) 310 CMR 7.36, Regleman Amelyorasyon Sistèm Transpò.

Reyinyon piblik yo pral fèt pou resevwa kòmantè piblik, aloral e alekri, sou mizajou anyèl ak rapò sou sitiyasyon pwojè transpò piblik yo mande nan 310 CMR 7.36(2)(f) nan (j). Depatman Transpò Massachusetts (MassDOT) te soumèt mizajou ak rapò pwogrè bay MassDEP nan dat 19 jiyè 2022.

Reyinyon piblik yo pral fèt:

Jedi 29 septanm 2022, 10:00 a.m. ak 5:00 p.m

Enskri davans pou reyinyon k ap fèt a 10:00 a.m:

<https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZIodeqrrj0iG9JWNhAhCdFEwREtIqZE7GHV>

Enskri davans pou reyinyon k ap fèt a 5:00 a.m:

<https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZYsceGuqj8sGNXok7YLgNEuyF8KnqqYk1eM>

Aprè w fin anrejistre, w ap resevwa yon imèl konfimasyon ak enfòmasyon ki nesèsè pou w patisipe nan reyinyon an.

Enfòmasyon sa a disponib nan fòm altènatif. Kontakte Glynis Bugg nan 617-348-4040.

TTY# Sèvis MassRelay 1-800-439-2370

Sitwèb MassDEP: www.mass.gov/dep

Enprime sou papye ki resikle

MassDEP bay sèvis entèpretasyon/tradiksyon gratis pou moun ki gen konnesans ki limite nan lang anglè. Si w bezwen yon entèprèt pou patisipe nan reyinyon sa a, sèvis tradiksyon yo disponib nan lyen sa a: <https://www.mass.gov/info-details/massdep-language-translation-assistance>

Yo ka prezante prèv aloral ak/oswa alekri nan reyinyon piblik yo. Yo pral aksepte prèv alekri jiska 5:00 p.m. nan madi 11 oktòb 2022. Yo ta dwe soumèt evidans yo alekri bay Steve Woelfel nan MassDOT, Biwo Planifikasyon Transpò, Room 4150, Ten Park Plaza, Boston, MA 02116 oswa steve.woelfel@dot.state.ma.us, ak Erin Bostwick nan MassDEP, Biwo lè ak fatra, One Winter Street, Boston, MA 02108 oswa erin.bostwick@mass.gov.

Rapò a disponib sou sitwèb MassDOT nan: <https://www.mass.gov/lists/state-implementation-plan-documents>.

Dapre lòd depatman an
Martin Suuberg, Komisè